**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**
**МКОУ «КРАСНООКТЯБРЬСКАЯ СОШ ИМ. РАСУЛА ГАМЗАТОВА»**
КИЗЛЯРСКИЙ РАЙОН

# Авар мац1алъул рагьараб дарсил конспект
# Дарсил тема: 5 кл
# ГIадатал падежал такрар гьари




***ПОДГОТОВИЛА УРОК***
***учитель***
***МКОУ «КРАСНООКТЯБРЬСКАЯ СОШ***
***ИМ. РАСУЛА ГАМЗАТОВА»***
***Шагидханова Г.С.***
***Дата проведения -2018***

*Jamil2005.78@gmail.com*


Scanned by TapScanner

# Авар мац1алъул рагьараб дарсил конспект

## Дарсил тема:

# *ГІадатал падежал такрар гьари*

**Дарсил мурад:** 1)Падежазул цIарал ва гьезул суалал лъималазда лъай щула гьаби;

Предметияб цIар падежазде сверизе гьабизе лъай;

2) ЗахІматал хІарпал такрар гьари,гьел битІун хъвазе ва

цIализе лъаялъул мурадалда;хъвавул калам цебетІей;

3)Берцин ва бацIцIад хъваялде куцай. Цоцалъ рекъон х1алт1изе ругьун гьари.Гьудуллъи щула гьаби.Рахьдал мац1алде рокьи ц1ик1к1инаби.

**Дарсил алатал:**карточкаби,алфавит,техь,компьютер, ДОСКА,СЛАЙДАЛ.

**Дарсил ин:**

**1.Авалияб гІуцІи,класс дарсиде хІадурлъи**
дарсил тема ва мурад лъималазда бицин

**МугІалим.-**Ассаламу гІалайкум!ГІодор **чIа**,лъимал.Байбихьана авар мацIалъул хъваялъул дарс.

Сундул хІакъалъулъдай нилъеца жакъа бицина дарсида? Гьеб лъазе ккани,цин нужеда лъазе ккола нилъехъе рачІине ругел къиматал гьалбадерида цІарал.

**КватІичІого нилъехъе**

**Ункъго гьобол вачІина,**

**Ункъасго цоцалъ рекъон**

**Цадахъ хІалтІи гьабила.**

Сообщение бачІуна.Гьаб щиб гІаламат?Лъималаз бицина смс букІин.Интерактивияб доскаялда хъвала

*Jamil2005.78@gmail.com*

Scanned by TapScanner

«Гьарула,кумек гьабе!»

ВахI,нилъедасан кумек лъицадай гьарулеб бугеб?Предметияб цIаралъул гIемерлъул формаялъ битIун бачIун буго факс.ЩIалила: «*Кидаго цоцалъ рекъон берцинго хIалтIулел рукIарал ункъго вац,ункъалго росабазул бегавулзаби цоцалъ ран,рагьиялде ккун руго.Гьел рекъезаризе кумек хIажат буго.Нужеде кIудияб хьулгун,гIемерлъул форма.*» Щал вацалдай гьел?РачIая цо раккизин гьезул улкаялде.(Доскаялда рачIина падежазул суратал.ГIенеккила гьезул дагIба-къецалъухъ.)

**Аслияб падеж:**

**Аслияб жо *дун* буго**

**Дир суалалги руго**

**Дицалъидал бицунеб**

**Предмет «Щив?» «Щий?» «Щиб?»-али**

**Актив падеж:**

**Дун гьечебани дуца**

**Щиб гьабизе букIараб?**

**«Лъица ?»тIахьал цIалилел?**

**«Сунца?»лъимал,лъай кьелеб?**

**Хаслъул падеж:**

**Гьебни битIараб буго,**

**Амма дир суал буго:**

**Гьал цIодорал лъимал «Лъил?»**

**Каранда кIутIи «Сундул ?»**

*Jamil2005.78@gmail.com*

**Кьовул падеж:**

**КигІан къацанданиги**

**Дилъе нуж рахунаро**

**«Лъие?»лъимал рокьулел?**

**«Сундуе?» рохел бугеб?**

**МугІалим .**МахІниги лъикІаб хІал бихьуларо Каламалъул улкаялда ккун.Гьеб цІакъ рекъечІеб иш буго –вацал цоцалъ дагІбади.Нужеда лъанищ,лъимал,щал вацал гьелали?

Квер битІарал лъимал рахъинарила жавабал кьезе

.**МугІалим.**БитІун буго,гьел руго *ГІадатал падежал*.Бегьиладай,лъимал,вацал гьедин тезе?

**Лъимал**.*Бегьиларо.*

**МугІалим.**Нилъ сапаралъ рахъине ккела гьезул гьайбатал росабалъе.Щиб гьабизе нилъ рахъине кколел гьеб рикІкІадаб сапаралде?

***Лъимал**.Ункъавго вацасе кумек гьабизе* .

**МугІалим**.Гьезие кумек гьабизе ккани, щиб лъазе кколеб нужеда гьел вацазул хІакъалъулъ?

***Лъимал**.Падежазда цІарал,гьезул суалал.*

**МугІалим**.Щибха бажарине кколеб цойги?

**Лъимал**.*Предметияб цІар падежазде сверизабизе.*

**МугІалим**.Авар каламалъул улкаялда бищунго хІажатаб жо щиб,лъимал?

**Лъимал.** Маг1арул хасал хІарпал.

**МугІалим**.МагІарул хасал хІарпал.БитІун буго.Щиб гьабизе гьел кьваригІунел нилъее?

**Лъимал**.МагІарул мацІалда цІализе ва хъвазе лъазе.

***Jamil2005.78@gmail.com***

Scanned by TapScanner

**МугIалим.**РачIаха, лъимал, гьеб хIарп нилъеда лъалеб букIин бихьизе, гьебгун рагIаби цIализе киназго цадахъ.

***ГIеретI,гIанса,магI,гIарахъ,***

***ГIарац,гIамал,нугI,гIабдал,***

***ГIужрукъ,гIанкIу,гIанкI,гIака,***

***ГIус,гIурдахIан,гIор,гIала,***

**МугIалим.**Гьал рагIабазулъ гI-хIарп

ХI-гун къосине тоге!

**МугIалим.**ХIарп цIализе лъараб гIолищ ,лъимал?

**Лъимал.**ГIоларо,берцин хъвазеги лъазе ккола.

**2.Берцинхъваялъул минута.**
**Мугалим.**Росе кодоре ручкабиги ва хъвай берцинго ва баIццIадго:

***ГI гI ГI гI ГI гI ГI гI ГIгI***
***ГI гI ГI***

***ГI умарги ГIалиги гIурухъе ана.***

***(Каваби рагьун рачIана)***

**ТIадкъай1**. ***«Лъил кинаб рукъ?»*** Жинсазда рекъон, риларал рагIаби жиде-жидер рукъзабахъе ккезаризе кумек гьабизе ккола росдал гIадамазе. РачIа нилъ хIалтIи хехго лъугьине къокъабазде рикьизе.

**1 къокъ-ч.ж.** **2 къокъа-чI.ж.** **3 къокъа –гь.ж.**

-Балагьизе рачIа цо битIун ккезарун ругищ рагIабияли.(Рукъзабаз кьела битIараб жаваб)

Нахъа тана тIоцебесеб росуги,кIиабилеб росулъе щвана гьале нилъ.Лъил росулъеха,лъимал,нилъ гьанжесала щварал? *Суалал:Лъица?Сунца?*Актив падежалъул.БитIун буго.

(Каваби рахан ратула гьанирги.Гьел ричIизе ккани,гI-харпгун раг1аби ургъизе ккола)

*Jamil2005.78@gmail.com*

Scanned by TapScanner

**МугIалим**.Гьединлъидал ,кодоб щибха нилъеца босилеб гIажаибаб Каламалъул улкаялде?

**Лъимал.**_ГIадатал падежазул хIакъалъулъ лъарабщинаб жо ва захIматал хIарпал._

**МугIалим.**БитIун буго,нужедаго лъалебщинаб жоялъул хулжал цIезе кIочонге.Гьале картаги битIун бачIана нилъее гIемерлъул формаялъ,щайгурелъул Каламалъул улка цIакъ кIудияб буго.Нагагь нухкъосун ккани,заманалда нахъруссине щоларо.Цинги нилъ гьораго хутIизе бегьула. Дида ккола нилъее нух битIилин,ИНШААЛЛАГЬ. Сунда тIадги рекIундай нилъ гьенире рилълъинел?Вагь,гьале гури Малла Насрудинил хIамигъоко чIезабун буго гьаниб .РачIа гьелда тIад рекIине. _Байбихьила сапар._

Щвана тIоцебесеб росулъе.Аслияб падежалъул хъалаялъул кавудахъе
_Суалазухъ балагьун,лъималазда лъазе ккола гьаб лъил росуяли.Падежалъул суалал Щив?Щий?Щиб? ._
Лъанищ, лъил росулъе щваралали?_Аслияб падежалъул._

**МугIалим**.Рахараб каву ричIизе ккани,нилъеда лъазе ккколеб буго гIадатал падежазул бищунго бокьулеб хIарп.(кечI цIалила)

***ГIажаибаб хIарп буго***

***ГIодула,гIергIедула***

***БагIарула,гIетI бала,***

***ГIасилъула ,гIунтIула,***

***ГIемерлъула,гIунула,***

***ГIадаллъула,гIантлъула,***

***БегIерула,гIетIула,***

***ГIагIадула,рагIула,***

***ГIегIедула,регIула…***

Щиб хIарп , лъимал ,гьеб кколеб?

**Лъимал**.ГI-хIарп!

***Jamil2005.78@gmail.com***

**Словарияб хIалтIи.**(сураталъ рихьила цо-цоккун слайдазда,лъималазда рагIи лъазе ккола.Слогазде рикьун, тетрадазда хъвазе ккола.Цинги доскаялда рихьизарила жалго рагIаби.Гьез жидерго гъалатIал ритIизарила.

***ГIа - ка, гIуж-рукъ, гIур-да-хIан , гIанкI , гIин, гIан-са,***

***гIа-рац, магI, нугI, гIу-сал.***

(каваби рагъула)

**ТIадкъай2. «Лъица щиб гьабулеб?»**
Гьаб росдал гIадамазе кумек гьабизе ккола кочIол щибаб мухъилъ актив падежалда ругел предметиял цIарал ратизе .Гьезда гъоркь мухъги цIан,тIад хъвазе ккола падеж ва суал.

**МугIалим**.Сваканищ,лъимал?РачIаха цодагьалъ хIалхьи гьабилин нилъеца.

**6.Физминутка тIобитIила.**
***Гъалбацlал гъулгъудула***

***ГЪ ГЪ ГЪ ГЪ ГЪ ГЪ ГЪ !***

***ГIанкIуял къвакъвадула***

***Къва- къва-къва!***

***Борохьги хьирхьидула***

***ХЬ ХЬ ХЬ ХЬ ХЬ ХЬ !***

***Лъималги релъанхъула(слайд релъи)***

***Jamil2005.78@gmail.com***

Scanned by TapScanner

*Гьа гьа гьа !!!*



**МугIалим.**Свакги чучанин ккола,гьанже нилъ гIедегIизе ккела хадусеб росулъе.

Кинаб падежалъдай гьаб росулъ гIумру гьабулеб бугеб? Хаслъул падежалъ ,битIун буго,лъимал.Вай,дир меседал,дун нужедаса йохун йигей куц!Хаслъул падежалъ каваби ричIизе изну кьезе ккани,захIматал магIарул хасал хIарпал рицине кколел руго. Лъималаз цадахъ рицина 13 харп, доскаялда слайдалда бачIа-бачIараб).

**ТIадкъай 3.** Гьаб росдал гIадамазул гIадаталда рекъон халкъиял кицабазда ва бицанк1абазда жанир хаслъул падежазда ругел рагIабазул камурал ахирал битIун хъвазе ккола.Цинги гьеб кициги цIализе ккола.Нилъее кумек гьабила тIохьоца.Рагье тIахьал 21-леб гьумералде.

Минаханум,цIале тIалаб.ГIурус мацIалде буссинабе кици.Кин нужеда гьеб бичIчIулеб?

*1.Кьурдухъан… хIатIал гIедерал,хIалтухъан… кверал гIедерал.Гьереси… рачI къокъаб букIуна.КIухIал… багьана камулареб.*

*1.Гъогъол ц1ураб ч1ваднибе ч1ван рехараб г1арщборохь.*

*Jamil2005.78@gmail.com*

*2.Куркьбал дир ц1ул.. руго , ц1а дир кунеб жо буго,*

*Жаниб бугеб ургьимес махх-чарам.... буго.,*

--Щибаб къокъаялъ бищунго нужее бокьараб цо кици тетрадазда хъвай,камураб ахирги тIаде жубан.

**МугIалим**.Гьалеха,меседал,щвана нилъ ахирисеб росулъе.Щаклъи гьечIо дир ,кинаб росулъе щваралали нужеда лъаялда.***Суалал:Лъие?Сундуе?Кьовул падеж.***Вай,дир цIодорал лъимал!Каваби рагьизе ккани ,Кьовул падежалъги нилъедаса тIалаб гьабулеб буго биценкIаби чIвазе



***1. АхIдолареб,хIанчIолареб-жаниве чи виччалареб(рахай, к1улал)***



***2. Берал гьечIеб,бихьизе кумек гьабулеб жо ( цIороберал)***

***3 Гъваридаб гвандиниб гIакъилаб бетIер(ракI)***

***4.Сордо гьалъул къо буго;къо гьалъул сордо буго;***

***Беццабилан жиб толеб,сардил чанахъан буго.(руз)***



***5.Авлахъалда ретIараб хъахIаб буртина(гIазу)***

***6.Билълъун свакалареб,щваралъуб лъалхъулареб (сагIат)***

**Т1адкъай 4.** Гьаб росдал гIадамазул гIадат буго суалазда рекъон,

предметиял цIарал кьовул падежалда лъолел.

| ***Лъие?*** | ***Сундуе?*** | ***Сундуе?*** |
|---|---|---|

*ПатIимат,ГIали,чу,кету,ракь,зоб,хъала,гIункIкI,нус,хIинчI,юкъарухъан,цIал дохъан,бер, маг1арулай, бис.*

**Щула гьаби.МугIалим** .КIудияб хIалтIи гьабуна нилъеца ,лъимал.Гьанже хутIана церего гIадин цадахъ рекъеялъе ункъабго падеж аскIоб чIезабизе ва цадахъ цо хIалтIи гьабизе.Щибаб къокъаялъ цо жинсалъул предметияб цIар падежазде сверизабе .(карточкабазда)

***Jamil2005.78@gmail.com***